

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

# 8YÈM ANE

HAITIAN CREOLE EDITION  
SOCIAL STUDIES—GRADE 8  
MULTIPLE-CHOICE &  
CONSTRUCTED-RESPONSE QUESTIONS  
BOOKLET 1

## EGZAMEN NIVO ENTÈMEDYÈ SYANS SOSYAL

**PREMYE TILIV**

**KESYON CHWA MILTIP AK REPONS KONSTWI**

**14 JEN 2010**

**Non Elèv la** \_\_\_\_\_

**Non Lekòl la** \_\_\_\_\_

Ekri non w ak non lekòl ou an lèt enprime sou liy ki anwo yo.

Egzamen an gen twa pati. Jodi a w ap pran Pati I ak II egzamen an.

**Pati I** an genyen 45 kesyon ak chwa miltip. Ekri repons ou yo pou kesyon sa yo nan fèy repons separe a. Itilize yon kreyon nimewo 2 sèlman sou fèy repons lan.

**Pati II** a konpoze ak plizyè kesyon ki mande repons kout. Ekri repons Pati II ou yo nan tiliv egzamen sa a.

W ap gen inèdtan edmi pou reponn **tout** kesyon ki nan Premye Tiliv la.

**PA OUVRI LIV EGZAMEN AN JISKASKE YO DI OU FÈ SA.**



## Pati I

### ENSTRIKSYON

Genyen 45 kesyon nan Pati I egzamen an. Chak kesyon gen kat (4) chwa repons, ki nimewote 1–4. Li chak kesyon ak atansyon. Deside ki mo oubyen ki ekspresyon, nan sa yo bay yo, ki pi byen konplete deklarasyon an oubyen reponn kesyon an. Sou fèy repons separe a, pou ou ka make repons kòrèk la, ranpli ti sèk ki gen menm nimewo ak repons ou chwazi a sou liy ti sèk ki genyen pou chak kesyon yo. Itilize yon kreyon pou make fèy repons lan.

Li egzanzp kesyon anba a.

#### Egzanzp Kesyon

Ki vil ki se kapital Etazini?

- (1) Boston
- (2) Washington, D.C.
- (3) New York City
- (4) Philadelphia

Repons kòrèk la se **Washington, D.C.**, ki se chwa nimewo **2**. Sou fèy repons lan, gade bwat ki montre ranje ki gen ti sèk repons yo pou kesyon egzanzp lan. Kòm chwa nimewo **2** a se repons kòrèk pou kesyon egzanzp lan, ti sèk nimewo **2** a ranpli.

Reponn tout kesyon nan Pati I yo menm jan an. Ranpli yon ti sèk sèlman pou chak kesyon. Si ou vle chanje yon repons, fòk ou si ou efase li konplètman. Ou gendwa pa konnen repons pou tout kesyon yo, men fè tout efò ou kapab ak chak kesyon.

Lè ou fini Pati I, ale touswit nan Pati II.

## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

- 1 Selon anpil antwopològ, ant ki de (2) kontinan yon pon tèrès te pèmèt migrasyon fèt pandan Peryòd Glasyè a?
  - (1) Amerik-di-Sid ak Amerik-di-Nò
  - (2) Amerik-di-Nò ak Ewòp
  - (3) Azi ak Amerik-di-Nò
  - (4) Ewòp ak Azi
  
- 2 **“Frè Transpò Ogmante menm jan Pri Gazolin rive nan Nivo Wo Anrejistre”**  
**“To Chomaj la Bese a 1.5% nan Pati Nò Eta New York”**  
**“Menas Resesyon Lakòz Rediksyon Nan Bidjè”**

Ki syantis sosyal ki ta pi kapab etidye enfòmasyon ki rapòte nan gwo tit sa yo?

  - (1) sikològ
  - (2) akeyològ
  - (3) ekonomis
  - (4) jeyograf
  
- 3 Kilès pami egzanp sa yo ki se yon sous segondè enfòmasyon sou endistriyalizasyon?
  - (1) nòt pèsonèl yon travayè izin
  - (2) foto yon timoun k ap travay nan yon izin
  - (3) lèt yon imigran travayè twal ekri
  - (4) chapit liv sou Andrew Carnegie
  
- 4 Ki sa ki te yon efè eksplorasyon Ewopeyen an sou Ameriken Endyen Natinatal yo?
  - (1) Yo te adopte teknik agrikilti Ewopeyen yo byen vit.
  - (2) Anpil Ameriken Endyen Natifnatal te ale re-etabli toupato nan Ewòp.
  - (3) Lit ant tribi Ameriken Endyen Natifnatal yo te sispann.
  - (4) Maladi Ewopeyen yo te pote lakoz anpil ka lanmò.
  
- 5 Ki gwoup relijye ki asosye kòrèkteman avèk koloni manm li yo te ede etabli?
  - (1) Piriten yo → Georgia
  - (2) Quakers → Pennsylvania
  - (3) Pèleren yo → Virginia
  - (4) Katolik yo → Rhode Island
  
- 6 Ki gwoup ki te premye Ewopeyen ki te etabli yon koloni nan sa ki se Eta New York kounye a?
  - (1) Espanyòl
  - (2) Angle
  - (3) Holandè
  - (4) Franse
  
- 7 Ki danre komèsyal yo rekonèt ki te ede Koloni Jamestown siviv?
  - (1) tabak
  - (2) koton
  - (3) diri
  - (4) kann
  
- 8 Chanm Burgesses Virginia te enpòtan nan devlopman Amerik kolonyal paske li te premye atanta pou
  - (1) pratike demokrasi reprezantatif
  - (2) kòmmanse yon sistèm agrikilti plantasyon
  - (3) pwoteste kont sistèm komès la
  - (4) etabli libète relijyon
  
- 9 “...ban mwen libète oswa ban mwen lanmò!”  
“Yon gouvènman pa nou se dwa natirèl nou...”  
“Nou dwe kole zèpòl ansanm oswa, pi asireman, nou tout chak dwe fè efò apa.”

Pandan peryòd Revolisyon Ameriken an, manm ki gwoup ki te fè deklarasyon sa yo?

  - (1) Redcoats
  - (2) Patriyòt yo
  - (3) Konsèvatè yo
  - (4) Ameriken Endyen Natifnatal

Sèvi ak kat jeyografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 10 la.

### Konsekans Lagè Franse ak Endyen



Sous: Green and Leschen, *Exploring and Colonizing America*, McDonald Publishing, 1980 (adapte)

10 Anpil kolon te ankòlè akòz Pwoklamasyon 1763 a paske li

- (1) te pran twòp teritwa nan Kanada
- (2) te bay Fransè yo Florida
- (3) diminye libète yo pou ale nan lwès
- (4) te ankouraje atak Ameriken Endyen Natifnatal yo

11 Batay Saratoga te enpòtan nan Lagè Revolisyonè a paske li

- (1) te mete yon pwen final nan menas britanik lan pou Sid la
- (2) te garanti èd Kanadyen yo pou kolon yo
- (3) te konvenk Franse yo pou sipòte Ameriken yo
- (4) te fòse Britanik yo sòti nan Amerik-di-Nò

12 Ki dokiman ki garanti libète lapawòl, dwa pou pote zam, ak pwoteksyon kont fouy ak sezi san rezon?

- (1) Deklarasyon Dwa Moun
- (2) Plan Inyon Albany
- (3) Deklarasyon Santiman
- (4) *Papye Federalis*

13 “. . . Nou konsidere verite sa yo kòm prèv ki evidan. Selon verite yo, tout moun te kreye egalego, Kreyatè a ba yo sèten dwa envyolab, pami dwa sa yo genyen lavi, libète, epi chèche bonè. . . .”

Ki dokiman ki genyen mo sa yo?

- (1) Akò Mayflower
- (2) Trete Pari
- (3) Pwoklamasyon Emansipasyon
- (4) Deklarasyon Endepandans

14 Ki dispozisyon Konstitisyon an ki anpeche yon branch gouvènman nasyonal la vin gen twòp pouvwa?

- (1) sipremasi federal
- (2) sistèm etabli pou chak branch Gouvènman an ka tcheke youn ak lòt la
- (3) kolèj elektoral
- (4) kontra pwopoze fleksib (yon lwa ki ba kongrè a pouvwa pou l pase yon seri lwa)

15 Objektif ekspedisyon Lewis ak Clark se te pou eksplore teritwa yo te vin genyen gras ak

- (1) Acha Louisiana
- (2) Acha Gadsden
- (3) acha Florida
- (4) acha Alaska

16 Yon efè desizyon Lakou Siprèm nan *Marbury v. Madison* (1803) se te pou

- (1) etabli pouvwa Tribinal la pou deklare yon lwa enkonstitisyonèl
- (2) pèmèt Kongrè a mete enpo sou revni
- (3) apwouve pouvwa prezidan an pou rejte pwojè-lwa yo
- (4) rezoud diferans ant Lachanm ak Sena a

17 Yon rezilta Lagè 1812 la sèk Etazini

- (1) te pote laviktwa sou Lespay
- (2) te pran kontwòl Kiba
- (3) te vin genyen teritwa nan Kanada
- (4) te kenbe endepandans li kont dominasyon Grannbretay

Sèvi ak deklarasyon ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 18 la.

Nou dwe kreye yon enpo sou machandiz ki antre nan peyi nou pou pwoteje pwodui ki fèt isit la nan Amerik. Gouvènman nou an dwe ede sipòte komès yo lè yo nouvo a lavni yo fèb si nou vle yo grandi nan lavni.


18 Nan kòmansman ane 1800 yo, kimoun ki ta pi ka fè deklarasyon sa a?

- (1) pastè New England
- (2) pwopriyetè izin Nò
- (3) kiltivatè nan Sid
- (4) travayè min lò nan Lwès

19 Ki pwojè ki te reyalize nan ane 1825 epi ki te yon rezilta plan pou lye Rivyè Hudson nan ak Midwès la?

- (1) Wout Nasyonal
- (2) Kannal Champlain
- (3) Kannal Erie
- (4) Baraj Hoover

Sèvi ak òganizatè grafik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 20 an.



20 Ki tit ki pi byen konplete òganizatè grafik sa a?

- (1) Ekspansyon Esklavaj
- (2) Rezilta Manifès Destine
- (3) Objektif Doktrin Monroe
- (4) Adopsyon Konpwomi Missouri



Sèvi ak desen ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 21 an.



Sous: Library of Congress (adapte)

- 21 Pòtre prezidan Andrew Jackson sa a reflekte opinyon kèk nan opozan l yo ki endike
- (1) branch egzekitif la te vin gen twòp pouvwa
  - (2) Britanik yo te gen twòp enfluyans sou prezidan an
  - (3) prezidan an te vin twò senpatik avèk moun òdinè
  - (4) sistèm gate (sistèm kote gouvènman an bay travay sou patipri olye sou merit) a pa t amelyore gouvènman an

Sèvi ak tablo ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 22 a.

### Resous Nò ak Sid, ane 1861

Resous	Nò		Sid	
	Kantite	Pousantaj Total Nasyonal	Kantite	Pousantaj Total Nasyonal
Tè agrikòl	105,817,694 ak tè	65%	56,832,154 ak tè	35%
Chemennfè	21,847 mil	71%	8,947 mil	29%
Valè Machandiz Manifakti	\$1,794,417,000	92%	\$155,531,281	8%
Izin	119,500	85%	20,631	15%
Travayè nan Endistri	1,198,000	92%	110,721	8%
Popilasyon	22,340,000	63%	9,103,000 (3,950,531 moun an esklavaj)	37%

Sous: James West Davidson et al., *The American Nation*, Prentice Hall, 2000 (adapte)

22 Ki deklarasyon enfòmasyon ki nan tablo a sipòte pi byen?

- (1) Nan Sid te genyen yon pi gwo pousantaj travayè nan endistri pase Nò nan ane 1861.
- (2) Sid la te genyen plis fèm agrikòl pase Nò a nan ane 1861.
- (3) Nò te genyen anpil avantaj sou Sid nan kòmansman Gè Sivil la.
- (4) Nò ak Sid te pwodui menm kantite machandiz manifakti anvan Gè Sivil la.

23 Eta Sid yo te pase lwa ki te etabli tès alfabetizasyon, enpo sou vòt, ak pwopozisyon granpè pou

- (1) ranmase lajan pou rekonstwi Sid la apre Gè Sivil la
- (2) amelyore edikasyon sitwayen ameriken yo
- (3) limite dwa ansyen esklav yo
- (4) sipòte Repibliken Radikal yo

24 Yo konsidere Jacob Riis ak Upton Sinclair kòm chèchè eskandal paske yo

- (1) te etabli yon nouvo pati politik
- (2) te ekspoze koripsyon ak abi ki nan sosyete a
- (3) te òganize sendika
- (4) te fè desen komik pou kritike politisyen yo

25 Pandan fen ane 1800 yo ak kòmansman ane 1900 yo, yon fason mouvman tanperans lan ak mouvman dwa fanm pou yo vote te sanble sèk toulède t ap eseye

- (1) pwoteje dwa travayè izin yo
- (2) diminye pouvwa gwo konpayi yo
- (3) mete yon fen nan frè ladwàn yo pou ede konsomatè yo
- (4) reyalize refòm lè yo sipòte yon amannman konstitisyonèl

26 Nan fen ane 1800 yo, Etazini te vin yon nasyon enperyalis lè li te

- (1) pran tètwa etranje
- (2) deklare netralite li
- (3) fòme alyans militè
- (4) diminye echanj komèsyal avèk lòt nasyon yo



Sèvi ak desen komik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 27 la.

### Rèv Prezidan an pou reyisi lachas




Sous: Clifford K. Berryman, *Washington Evening Star*, October 11, 1907  
(adapte)

27 Selon desinatè komik sa a, ki politik Prezidan Theodore Roosevelt pou envèsman yo?

- (1) Bon envèsman yo dwe detwi.
  - (2) Bon envèsman yo fèt pou kontwole; move envèsman yo sispann.
  - (3) Envèsman yo dwe itilize resous yo pou pwoteje anviwònman an.
  - (4) Se sèlman move envèsman yo ki fèt pou kontwole.
-

Sèvi ak graf ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 28 la.



Sous: Edward L. Biller, *Story of the American Nation: Teachers Manual*, Harcourt, Brace and World (adapte)

28 Selon enfòmasyon ki nan graf sa a, pou kisa imigrasyon te ogmante rapidman ant ane 1895 ak 1905?

- (1) Konstrikasyon chemennfè te kreye travay pou imigran yo.
- (2) Pri tè ki pa t chè nan Lwès la te atire kiltivatè imigran yo.
- (3) Devlopman endistriyèl la te kreye travay nan faktori pou imigran yo.
- (4) Premyè Gè Mondyal la te lakòz imigran yo kite Ewòp.

29 Ki dokiman ki genyen apèl Prezidan Woodrow Wilson te fè pou kreye Lig Nasyon yo?

- (1) telegram Zimmerman
- (2) Pak Atlantik
- (3) Katòz Pwen
- (4) Akò Kellogg-Briand

30 Ki yon rezon ki te lakòz Pwoyibisyon nasyonal te fè echèk?

- (1) Boutik yo pa t vann alkòl.
- (2) Anpil Ameriken pa t sipòte lwa a.
- (3) Gouvènman federal la te refize ranfòse lwa Pwoyibisyon yo.
- (4) Lakou Siprèm Etazini te deklare Pwoyibisyon pa konstitisyonèl.

Sèvi ak desen ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 31 ak 32.

**Se initil! Li pa ka wè si dife a etèn.**



Sous: Edwin Marcus, *The New York Times*, August 8, 1937 (adapte)

- 31 Desen 1937 sa a montre enkyetid Ameriken yo ke
- (1) gouvènman an t ap depanse twòp lajan
  - (2) twòp Ameriken t ap depanse twòp lajan
  - (3) pwogram sosyal yo te nan avantaj moun rich yo plis
  - (4) Prezidan Franklin D. Roosevelt te inyore sa pèp la te bezwen
- 32 Pwoblèm ki endike nan desen sa a te devlope prensipalman paske gouvènman an t ap
- (1) prepare pou antre nan Dezyèm Gè Mondyal la
  - (2) diminye enpo pou moun rich yo
  - (3) desann pri pwodui agrikòl yo
  - (4) eseye rezoud pwoblèm Gran Depresyon an te lakòz

- 33 “Lwa Nuremberg yo Revoke Sitwayènte Jwif yo nan Almay”  
 “Sinagòg ak Konpayi Jwif yo te Posede Te Detwi Toupatou nan Almay”  
 “Pèp Jwif la Te Ekstèmène an Mas, Lòt Viktim nan Auschwitz”

Gran tit sa yo asosye pi dirèkteman avèk

- (1) gè eklè alman
- (2) Olokòs
- (3) Pwojè Manhattan
- (4) konstriksyon Mi Bèlen

- 34 Etazini te reponn a atak sou Pearl Harbor le 7 desanm 1941 pa

- (1) deklare lagè kont Japon
- (2) prezante ka a devan Nasyonzini
- (3) renouvle angajman li avèk izolasyonis
- (4) adopte Lwa Prete-Lwe

- 35 Ki deklarasyon ki se yon opinyon sou Dezyèm Gè Mondyal la?

- (1) Lage bonm atomik yo pa t nesèsè pou mete yon pwèn final nan lagè a.
- (2) Lagè a te domaje ekonomi anpil peyi.
- (3) Anpil fanmi te soufri pèdi moun pa yo pandan lagè a.
- (4) Itali ak Almay se te manm puisans Aks yo.

- 36 “Kèk ane desela mwen te ka ale nan boutik avèk \$100 epi retounen avèk sis oswa sèt sache manje angwo. Kounye a, mwen gen chans si \$100 ap achte twa sache. Mezanmi, ala pri yo monte!”

Ki pwoblèm ekonomik pasaj sa sa a pi byen dekri?

- (1) defisi
- (2) enflasyon
- (3) espekilasyon
- (4) chomaj

Sèvi ak powèm ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 37 la.

### Jwisans a la Wonn

Kote seksyon Jim Crow a ye  
 Sou Jwisans a la Wonn sa a,  
 Mesye, 'paske mwen vle woulib?  
 Anba nan Sid kote mwen soti a  
 Moun blan ak moun koulè  
 Pa ka chita kòt-a-kòt.  
 Anba nan Sid nan tren  
 Genyen yon machin Jim Crow.  
 Nan otobis la, yo mete nou dèyè  
 Men pa genyen dèyè –  
 pou yon Jwisans a la Wonn  
 Kote cheval la ye  
 Pou yon timoun ki nwa?

— Langston Hughes, 1942

- 37 Ki pwoblèm sosyal ki se enkyetid prensipal nan powèm sa a?

- (1) lojman moun pòv
- (2) chomaj
- (3) vyolans moun blan yo
- (4) segregasyon rasyal

- 38 Ki moun yo pi byen konnen kòm chèf prensipal mouvman pou dwa sivil ane 1960 yo?

- (1) W. E. B. Du Bois
- (2) Martin Luther King, Jr.
- (3) Thurgood Marshall
- (4) Colin Powell

- 39 Prezidan John F. Kennedy ak Prezidan Lyndon B. Johnson te voye twoup al Vyetnam nan yon efò pou


- (1) pa kite komini lan gaye twòp
- (2) opoze endepandans Vyetnam-di-Sid
- (3) sipòte gouvènman Vyetnam-di-Nò
- (4) pwoteje enterè Etazini nan Mwayennoryan

40 Ki gwo tit ki pi byen konplete lide ki anba la a?

- I. \_\_\_\_\_
- A. Rechèch pou yon wout komèsyal pou ale nan Lès Azi
  - B. Chèche lò
  - C. Dezi pou pwopaje kwayans relijye

- (1) Objektif pou Chemennfè Transkontinantal
- (2) Rezon pou Eksplorasyon Ewopeyen nan Amerik yo
- (3) Faktè Pouse/Redi pou Imigrasyon nan ane 1920 yo
- (4) Kòz pou Kwasans Ekonomi Etazini

Sèvi ak òganizatè grafik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 41 an.



41 Ki tit ki pi byen konplete òganizatè grafik sa a?

- (1) Lajdò
- (2) Epòk Rekonstriksyon
- (3) Stil Mòd 1920 yo
- (4) Epòk Pwogresif

42 Jaden laviktwa, rasyònman, ranmasaj ti mòso, ak kolekte papye envètisman pi ka asosye avèk

- (1) efò moun nan peyi a pandan Dezyèm Gè Mondyal la
- (2) McCarthyism (Makatis) pandan Dezyèm Gè Mondyal la
- (3) mouvman kont lagè nan ane 1960 yo
- (4) pwoteksyon anviwònman nan ane 1970 yo

43 “Grèv Ameriken Nwa yo te fè kont Otobis yo nan Montgomery”

“Devlopman Banlye Levittown Kontinye ap Grandi”  
 “Baby Boom Kounye a nan Dizyèm Ane Li”

Nan ki deseni yo te ka pibliye gwo tit sa yo?

- (1) ane 1920 yo
- (2) ane 1930 yo
- (3) ane 1940 yo
- (4) ane 1950 yo

44 Rezilta pi dirèk eskandal Watergate la se te

- (1) asasinasyon Prezidan John F. Kennedy
- (2) desizyon Prezidan Lyndon Johnson pou pa pwoklame re-eleksyon li
- (3) demisyon Prezidan Richard Nixon
- (4) eleksyon Prezidan Ronald Reagan

45 Ki sekans lagè ki kòrèk nan lòd kwonolojik?

- (1) Lagè Meksiken → Gè Sivil → Lagè Revolisyonè → Lagè Koreyen
- (2) Lagè Revolisyonè → Lagè Meksiken → Gè Sivil → Lagè Koreyen
- (3) Lagè Meksiken → Lagè Revolisyonè → Lagè Koreyen → Gè Sivil
- (4) Lagè Revolisyonè → Lagè Koreyen → Gè Sivil → Lagè Meksiken

**ALE NAN PWOCHEN PAJ LA EPI  
 KÒMANSE PATI II ➡**

**POU PWOSESÈ ITILIZE SÈLMAN**

**Part I Score \_\_\_\_\_**




## Pati II

*Enstriksyon:* Ekri repons ou pou kesyon ki vin aprè yo nan espas yo bay nan tiliv egzamen sa a.

Sèvi ak dokiman ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 jiska 3.

### Kay Amereken Endyen Natifnatal



Sous: Davidson and Stoff, *America: History of Our Nation*, Prentice Hall, 2007 (adapte)

1 Selon dokiman sa a, ki bèt ki te enpòtan pou tribi yo ki tap viv nan Gran Plèn yo? [1]

Score



2 Selon dokiman sa a, ki gwoup Ameriken Endyen Natifnatal ki t ap viv kote ki rele kounye a Eta New York? [1]

---

---

Score

3 Endike **yon** rezon ki fè tribi Ameriken Endyen Natifnatal yo te devlope diferan fòm kay. [1]

---

---

Score

**ALE NAN PWOCHEN PAJ LA ➡**

Sèvi ak pasaj ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 4 jiska 6.

. . . Malgre nou felisite [konplimante] tèt nou, nou senpatize avèk menm moun k ap tranble mwens yo [pipiti] tè Boston an ta dwe pou yo. Men yo pa kapab nan menm sikonstans yo sof si timidite [mank kouraj] ak lachte te posede yo. Yo genyen tan ak avètisman yo bay yo pou wè demon epi rejte li. Depi lontan m ap swete tandè ou te deklare yon endepandans—epi kidonk nouvo kòd lwa mwen sipoze k ap nesesè pou ou fè mwen kontan ou ta sonje medàm yo, epi pi onèt ak an favè yo plis pase zansèt ou yo. Pa mete pouvwa san limit konsa nan men mari yo. Sonje tout gason yo ta mechan si yo te kapab. Si swen ak atansyon patikilye pa fèt a medàm yo nou detèmine nou pou fomante [kòmanse] yon rebelyon, epi nou p ap respekte okenn lwa kote nou pa gen vwa, oswa reprezantasyon ladan yo. . . .

Sous: Letter from Abigail Adams to John Adams, March 31, 1776,  
<http://www.masshist.org/digitaladams> (adapte)

4 Pou kimoun yo te ekri lèt sa a? [1]

Score

5 Site **yon** pwoblèm Abigail Adams endike nan lèt sa a. [1]

Score

6 Site **yon** reyalizasyon politik *oswa* ekonomik fanm Ameriken apre yo ki te pi ka fè Abigail Adams plezi. [1]

Score

Sèvi ak pasaj ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 7 ak 8.

Toudabò kite mwen di ou kichòy sou fason nou travay ak jan yo peye nou. Genyen de (2) kalite travay–regilye, ki se travay pou salè, ak travay alapyès. Travay regilye a peye apeprè \$6 pa semèn epi ti fi yo fèt pou sou machin yo a 7 tè nan maten, epitou yo dwe rete sou machin yo jiska 8 tè nan aswè, avèk senpleman yon demi èdtan pou repa nan tan sa a. . . .

Atelye yo pa genyen enstalasyon sanitè – se pawòl yo itilize anjeneral, yo dwe genyen youn ki pi mal pou itilize. Kèlkeswa lè nou chire oswa domaje nenpòt nan machandiz nou te koud, oswa kèlkeswa lè yo jwenn li domaje apre nou fin avèk li, ke nou te fè sa oswa ke nou pa t fè sa, yo fè nou peye pou pyès la epi pafwa pou yon yad twal antye.

Nan kòmansman chak sezon ki lan, yo retire \$2 nan salè nou. Nou pa t janm anmezi pou konnen pou kisa.

Sous: Clara Lemlich, “Life in the Shop,” *New York Evening Journal*, November 28, 1909, online at Cornell University ILR School

7 Site **de** (2) kondisyon travay Clara Lemlich te eksperyanse. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

8 Endike **yon** fason travayè yo ak **yon** fason gouvènman an te eseye amelyore kondisyon travay nan izin yo. [2]

Travayè: \_\_\_\_\_

Score

Gouvènman: \_\_\_\_\_

Score

**Paj sa a rete vid toutespre.**

**ALE NAN PWOCHEN PAJ LA ⇨**

Sèvi ak journal ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 9 ak 10.

"Tout Nouvèl Ki Bon pou Enprime."

# The New York Times.

TAN AN  
Onèt jodi a ak dimanch! fre pou sidwès fò nan van lwès yo. Pou rapò metewolojik konplè, al gade Paj 28.

---

VOL. LXIV. N.° 20,923
NEW YORK, SAMDI, 8 ME 1915-VENNKAT PAJ.
YON SANTIM Nan Aglomasyon New York, Jersey City ak Newark.

---

YON SOUMAREN KOULE LUSITANIA, SA PÈTÈT LAKÒZ 1,000 MOUN PÈDI LAVI YO; SOUMAREN ATAKE LI DE (2) FWA SOU BÒ LAKÒT ILANDÈ; LI KOULE NAN 15 MINIT; PAMI AMERIKEN KI TE ABÒ YO TE GENYEN VANDERBILT AK FROHMAN; WASHINGTON KWÈ KE LI GENYEN YON KRIZ GRAV.

**CHOKE PREZIDAN AN**

Washington Ajite Anpil Akòz Katastwòf epi yo pè pou pa gen kriz.

**BILTEN NAN MEZON-BLANCH**

Wilson Li yo Deprè, men se silans sou Pakou Nasyon an.

**RIMÈ SOU DEMANN KONGRÈ**

Pèt Lusitania Fè Sonje Ton Sevè Premye Avètisman Nou pou Almay.

**KAPITAL KI PLEN RIMÈ**

Rapòte Bato a Te Dwe koule

**Roosevelt Rele Sa youn Zak Piratri.**

Journé Apowobasyon New York Times SYRACUSE, N.Y., 7 Me-Kolonèl Roosevelt aswè a te konsidere nofraj Lusitania kòm "yon zak piratri."

Kolonèl la deklare "Mwen pa konnen ase sou reyalite a pou fè nenpòt lòt kòmanmè oswa pou di kisa ki ta dwe konvans pou Gouvènman sa a fè nan sikonstans yo. "Mwen kapab sèlman repete sa mwen te di lòt jou a lè yo te atake Gullflight. Answit, mwen te atre atansyon sou reyalite ki endike anpil mwa anvan yo te tabli chante lagè alman an, epi zak tankou nofraj Lusitania te menase, si zak konsa te fèt, yo pa ta reprezante anyen men senp piratri."



**PÈT BATO-A-VAPÈ LUSITANIA**

**Ministè Lamarin Mete Anbago sou Depèch Nouvèl**

LONDON, 8 Me.-Yo di Ministè Lamarin Britanik p ap divilge okenn enfòmasyon verifike konsènan Lusitania, men refize pase depèch ki baze senpleman sou rimè.

Yo prevwa Ministè Lamarin ap fè yon deklarasyon imedyatman enfòmasyon sètifye yo vin disponib.

**YO GEN LAPERÈZ POU LANMÒ FROHMAN NAN LOND**

**Direktè Koleg Britanik la mande "Kisa Amerik Pral Fè Sou Sa?"**

Kòm Rapòte pou NEW YORK TIMES

LOND, 7 Me.-Yo te resevwa nouvèl apwobasyon nan Lèd sou lanmò Charles Frohman ki rapòte a. Mètye Frohman se sou pèsonaj yo konnen nan tout tout Lèd epi patisipan nan tout yo ak okè yo menm jan te gade li.

YO TE MENNEN KÈK KADAV MOUN BÒ RIJAJ LA

**Plizyè Santèn Ki Siviv nan Queenstown ak Kinsale.**

**OTÈS MAREN RAKONTE KATASTWÒF LA**

Yon Tòpiy Kraze nan Pwou The Doomed Liner, Yon Lòt nan Sal Machin yo.

**BATO YO PRAN LANMÈ SAN PÈDI TAN**

Men Bato a Desann Talmat Vit Sa Fè Anpil Moun Te Dwe Ale avèk Li-San Ofisye yo. Yo te Rapòte gen moun ki Sovè.

**TE ATAKE NAN GRAN JOUNEN**

Sous: New York Times, May 8, 1915

9 Selon gwo tit journal sa yo, kisa ki te lakòz Lusitania koule? [1]

Score

10 Ki lagè ki te asosye avèk gwo tit journal sa yo? [1]

Score

Sèvi ak dokiman ki anba yo ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 11 jiska 13.

. . . Mwen sipoze ou te tande kichòy sou chak kalite mizik blues,  
Mwen sipoze ou te tande kichòy sou chak kalite mizik blues,  
Men lè pousyè a monte wo, ou pa menm ka wè syèl la. . . .

Mwen te wè van an tèlman fò li te soufle jete barikad mwen,  
Mwen te wè van an tèlman fò li te soufle jete barikad mwen,  
Traktè mwen te antere sis (6) pye anba tè.

Ebyen, li te fè fèm mwen tounen yon pil sab,  
Wi, li te fè fèm mwen tounen yon pil sab,  
Mwen te oblije pran wout sa a avèk yon boutèy ki nan men mwen. . . .

Sous: Lyrics by Woody Guthrie



Sous: United States Department of Agriculture

11 Selon dokiman sa yo, endike **de (2)** pwoblèm van an te lakòz. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score



12 Pandan Gran Depresyon an, ki non yo te bay pou zòn ki dekri nan dokiman sa yo? [1]

---

Score

13 Endike **yon** aksyon gouvènman an *oswa* moun yo te pran pou reponn ak kondisyon anviwònman ki dekri nan dokiman sa yo. [1]

---

Score





GRADE 8 INTERMEDIATE-LEVEL SOCIAL STUDIES HAITIAN CREOLE EDITION

**POU PWOFESE È ITILIZE SÈLMAN**

**Part II Score \_\_\_\_\_**